

Ki lòt benefis konje peye oswa revni èske mwen dwe rapòte lè m ap aplike pou PFML?

Benefis yo ki soti nan lòt pwogram konje gendwa bese montan w ap touche a epi montan total konje peye ou elijib pou resevwa a.

Kisa m DWE rapòte?

- **Konje peye anvan yo - tankou FMLA**
Si ou te pran konje peye oswa konje ki pa peye pou yon rezon ki kalifye w.
- **Plizyè Konje anmenmtan – Tan Lib Rminere (PTO)** Sa yo souvan konn rele jou vakans, konje maladi oswa jou pèsònèl, ou dwe rapòte PTO ou pran anmenm tan ak PFML la, eksepte pandan peryòd atant 7 jou a.
- **Plizyè Revni Anmenmtan - Andikap**
Anjeneral, ni plan pou andikap akoutèm ak ni sa ki alontèm la dwe rapòte, sa ki gen ladann asirans konje peye pou fanmi ak konje maladi (tankou règleman sou konje peye pou paran).
- **Plizyè Revni Anmenmtan - Chomaj, konpansasyon pou travayè, Sekisite sosyal, lòt.** Si w ap resevwa peman nan men nenpò kilès nan pwogram sa yo oswa pwogram ki sanble yo anmenmtan ou pran konje peye, w ap dwe rapòte kantite lajan ou te touche yo ak dat kòmansman ak dat finisman yo.

Kisa m PA bezwen rapòte?

- **Konje peye anvan, si PFML**
Pa rapòte PFML w lan; nou deja gen Konje Peye pou Fanmi ak Konje Maladi ou an ki make nan dosye w. Anplis desa, pa rapòte okenn lòt konje peye si ou te pran konje sa yo pou yon rezon ki pa kalifye.
- **Plizyè Konje Peye Anmenmtan – Tan Lib ki Reminere (PTO) Pa rapòte okenn PTO** pandan semèn atant la. Ou gen otorizasyon pou pran PTO pandan semèn atant ou an san okenn sanksyon. Ou pa otorize pran PTO anmenmtan w ap resevwa peman pou PFML. Benefis ou yo ka anile nèt. Rapòte Tan Lib ki Reminere si ou p ap planifye pou resevwa benefis PFML yo pandan peryòd sa a.
- **Plizyè Revni Anmenmtan - Andikap, Chomaj, konpansasyon travayè, Sekirite sosyal, lòt toujou.** Pa rapòte asirans siplemantè w ap peye pou li ak pwòp lajan pa w, tankou plan anpwlayè a pa esponsòrizasyon, tankou Aflac.

